

# **Vil Nouyòk (City of New York)**

## **Pwopozisyon pou ane Fiskal 2025 vil la**

### **Bidjè Sibvansyon pou Devlopman Katye kominotè**

#### **Rezime Egzekitif**

Sibvansyon Devlopman Katye Kominotè (CD oswa Community Development Block Grant, CDBG) se youn nan kat fòm sibvansyon dwa Vil Nouyòk (City of New York) resevwa chak ane nan men Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (Housing and Urban Development, HUD). Anvan yo resevwa lajan sa yo, resipyan sibvansyon yo dwe lage pou kòmantè piblik epi soumèt bay HUD yon Plan Konsolide ki esplike fason resipyan sibvansyon an pral itilize lajan yo pou adrese bezwen ke li idantifye yo.

Plan Konsolide a prepare sou yon baz ane kalandriye, alòske ane fiskal Vil la kòmanse 1ye Jiyè epi fini 30 jen. Dokiman sa a refleto alokasyon fon CD pwopoze pou Ane Fiskal Vil la (City Fiscal Year, CFY) 2025 ki baze sou sibvansyon 2024 pou Ane Fiskal Federal Vil la (Federal Fiscal Year, FFY). Tanpri sonje HUD poko anonse prim FFY 2024, kidonk Vil la te itilize prim FFY 2023 la de \$169,345,195 nan estimasyon bidjè li. Anplis alokasyon sa a, bidjè a sipòte pa revni pwogram ak lòt sous revni siplemantè, ki ka gen ladan lajan ki poko depanse nan ane anvan yo, ranbousman prè, frè, amann, ak lavant tè nan Zòn Renouvèlman Iben Federal yo.

Bidjè total CDBG ki Pwopoze a pou CFY 2025 se \$236,802,000. Lè Konsèy Vil la adopte Bidjè CFY 2025 la, alokasyon yo pwopoze nan dokiman sa a pral enkòpore nan pòsyon CDBG Plan Konsolide 2024 la.

#### **Chanjman Bidjè ak Pwogramatik pou CFY 2025**

Kòm pri pou jere pwogram finans federal yo kontinye ap grandi akòz nouvo kondisyon federal, enflyasyon, elatriye, gwosè sibvansyon CDBG la rete relativman plat oswa diminye. Pa egzanp, afektasyon CDBG nasyonal la pou FFY 2024 te \$3.3 milya dola, ki refleto nivo finansman FFY 2023 la, men se yon rediksyon \$150 milyon de FFY 2021.

Akòz presyon bidjetè sa yo, Vil la ap chèche regilyèman fason pou kapab rasyonnalize aktivite CD li yo finance, redwi fado administratif, epi akonpli menm bagay la (oswa plis) ak mwens. Nan objektif sa, Vil la ap pwopoze chanjman sa yo nan pwogram CFY 2025 CDBG li a:

- Rekritè taks vil la ap kòmanse finance pwogram sa yo apati 1ye jiyè 2024:
  - Planifikasyon Lojman Rechèch ak Evalyasyon
  - Administrasyon Reyabilitasyon Lojman: Pwogram 7A
  - Jesyon, Operasyon, ak Reyabilitasyon nan lojman ki gen dèt taks sou yo
  - Etablisman Edikasyon Vil la: Amelyorasyon Aksè nan lekòl vil yo
  - Sèvis Rekreyasyon yo : Ti pisin yo

- Eleman sa yo nan pwogram yo pral vin finanse tou pa rekritè taks vil la apati 1ye Jiyè 2024:
  - Ranfòsman kòd : Operatè telefòn 311, nan Biwo Teknoloji ak Inovasyon Vil Nouyòk (City of New York), ki reponn apèl pou plent lojman yo.
  - Demolisyon : Pandan ke fon CDBG yo pral kontinye peye pou demolisyon edifis danjere yo, rekritè taks vil la pral kounya sipòte totalman anplwaye ki sipèvize travay sa a.
- Finansman CDBG pral sipòte yon pi gwo pòsyon nan avantaj siplemantè pou anplwaye Vil yo ki ap rete fè pati finansman CD a. (Tanpri sonje ke Vil la pa bay lòt/nouvo avantaj siplemantè pou anplwaye pati finans CD yo atravè aksyon sa a. Olye de sa, sibvansyon CDBG la pral kouvri frè benefis siplemantè ki te deja peye ak lajan vil la.)

Yo te chwazi pwogram ki pral deplase vin nan rekritè taks Vil la swa paske itilizasyon fon federal te ajoute restriksyon adisyonèl ki te afekte efikasite ak ogmante depans yo (egzanp, egzijans ki gen plis detay pase sa ki nòmalman nesèsè) oswa pou diminye depans Planifikasyon/Administrasyon, ki kounya limite nan 20 pousan sibvansyon an.

Sa a se bidjè CDBG ki pwopoze a pou CFY 2025. Tanpri sonje pwogram yo gwoupe pa objektif Plan Konsolide ki asosye ak chak aktivite.

Pwopozisyon pou Ane Fiskal 2025 Vil la  
 Bidjè Sibvansyon Devlopman Katye Kominotè (CDBG).  
 (Milyon Dola)

| Pwogram ak Objektif Plan Konsolide yo (Consolidated Plan Goals and Programs)              | CFY 2025 |
|---|----------|
| <b>Administre pwogram sibvansyon total CDBG la ( )</b>                                    |          |
| Administrasyon CDBG   | 4.723    |
| <b>Planifikasyon ak Analiz Konduit Mache Lojman</b>                                       |          |
| Planifikasyon Lojman  | 0.590    |
| <b>Plis lojman san patipri nan tout vil la</b>  |          |
| Lojman san patipri nan NYC  | 0.523    |
| <b>Amelyore e prezève aksyon lojman NYC yo</b>  |          |
| Ranfòsman Kòd   | 63.945   |
| Pwogram Reparasyon ijans (Emergency Repair Program)                                       | 51.256   |
| Pwogram ranfòsman Altènatif (Alternative Enforcement Program)                             | 11.758   |
| Administrasyon Reyabilitasyon Lojman (Housing Rehabilitation Administration)              | 0.990    |
| Pwogram Reyabilitasyon Lojman Piblik (Public Housing Rehabilitation Program)              | 12.804   |
| Administrasyon HPD  | 10.099   |
| <b>Prezève Zòn ak Edifis Istorik yo</b>   |          |
| Program sibvansyon prezèvasyon Tè Istorik (Landmarks Historic Preservation Grant Program) | 0.114    |

Pwopozisyon pou Ane Fiskal 2025 Vil la  
Bidjè Sibvansyon Devlopman Katye Kominotè (CDBG).  
(Milyon Dola)

| Pwogram ak Objektif Plan Konsolide yo (Consolidated Plan Goals and Programs)                           | CFY 2025       |
|--|----------------|
| <b><i>Founi rekreyasyon ak espas vèt</i></b>   |                |
| Sèvis Rekreyasyon yo   | 2.694          |
| <b><i>Founi sèvis ak Abri Sekirize yo</i></b>  |                |
| Sèvis Abri yo : Sèvis Sanzabri ak Plasman Lojman yo (Homeless Outreach and Housing Placement Services) | 0.553          |
| Relokasyon Ijans   | 26.044         |
| Sèvis Plasman Lojman yo (Housing Placement Services)   | 1.580          |
| <b><i>Founi sekirite ak endepandans pou granmoun aje yo</i></b>  |                |
| Sèvis pou granmoun aje yo  | 1.037          |
| <b><i>Founi sèvis sosyal ak edikasyonèl</i></b>  |                |
| Sèvis Edikasyon yo   | 4.524          |
| Sant Kominotè yo   | 5.654          |
| Sèvis Viktim yo  | 3.246          |
| <b><i>Redwi menas nan sekirite ak sante piblik</i></b>   |                |
| Pwogram demolisyon (Demolition Program)  | 9.342          |
| <b><i>Devlopman kominote a travè planifikasyon</i></b>   |                |
| Planifikasyon kominotè (Community Planning)  | 22.410         |
| <b><i>Devlopman sipò ekonomik</i></b>  |                |
| Avenue NYC   | 2.916          |
| <b><i>Itilizasyon total</i></b>  | <b>236.802</b> |